

# नृत्य आओर भङ्गिमा

© not to be republished

## शिक्षक केर हेतु

- प्रत्येक गतिविधिक हेतु नृत्यक भङ्गिमा देखाउ आ ओकरा प्रदर्शित करू।
- प्रत्येक कक्षाक हेतु उपयोगी सरल गीत आ अलग-अलग तालक लयकेँ रिकॉर्ड कएल गेल ध्वनि राखू।
- चर्चा करू आ प्रत्येक गतिविधिकेँ परस्पर सम्वादात्मक बनाउ। एहन गतिविधि बच्चाकेँ सब गतिविधिक विषयमे स्वतन्त्र रूपसँ सोचबामे सक्षम बनबैत अछि।
- बच्चाक प्रतिक्रियाक आधार पर पाठ्यपुस्तकमे देल गेल गतिविधि करएबामे सङ्कोच जुनि करू। जँ ओ कोनो विशेष गतिविधिमे बेसी रुचि देखबैत अछि तँ ओकरा बेसी भिन्न प्रकारसँ दोहराएल जा सकैत अछि।



© NCERT not to be republished

अहाँ पहिने नृत्य शब्द सुनने रही?

अपनासभ एकरा विस्तारित कऽ सकैत छी-




**D** – Do (करु)  **A** – Action (क्रिया)  **N** – Narrate (वर्णन)  **C** – Compose (रचना)  **E** – Enjoy (आनन्द)

अहाँक कानमे पड़ैत देरी अहाँकेँ नचबाक मऽन करए लगैत अछि।

कमला आ विमला नाइच रहल छथि।



भऽ सकैछ अहाँक राजेश सर बेँत लऽ क नाइच रहल होइथ।



ऋषि आ सोना सेहो सङ्गे नाइच रहल छथि।



अहाँकेँ किछु आनन्द आ जादू सनक लागि रहल अछि?

आउ..  ई 'आनन्द' लेबाक समय अछि।

© NCERT not to be republished

0337CH11

# 11 आउ न' नाची

## गतिविधि 1 झूमू नाचू

अपन क्षेत्रक कोनो लोकप्रिय गीत पर नाचू आ अपन देहकेँ घुमाउ। जेना कि कोनो लोकप्रिय बाल गीत वा लोकगीत पर खुलि कऽ नाचू ।



**शिक्षक केर टिप्पणी**


कोनो पारम्परिक गीत वा बच्चाक कविता बजाबू।

## गतिविधि 2 ताल पर नृत्य करू

- कोनो गीत वा ढ़ोल केर तालक सङ्ग नाच करक तैआरी करू। सङ्गीतमे विभिन्न प्रकारक तालबद्ध पैटर्न होइत अछि। विभिन्न पैटर्न सुनलासँ अहाँकेँ अपन भाव-भङ्गिमा बनाबएमे सहयोग भेटत।
- अपना पएरसँ नीचा थाप दियौ।
- गीतक ताल पर ताली बजाउ।

उदाहरण —

- पएरक औंठा आ तरबाक अथवा एड़ी आ तरबाक प्रयोग करू।
- एकटा गोल आकार बनाउ।
- ताली बजाबैत आ ताल पर पएरसँ नीचा थाप दैत घूमू।
- चित्रकेँ देखू आ ओकर अनुसरण करू।
- बामा आ दहिना पएरक प्रयोग करू।
- ताली बजएबाक हेतु, 'चारि बीट केर लय वा ताल अछि'।




**शिक्षक केर टिप्पणी**

शिक्षक एड़ी आ पएरक आङ्गुर केर स्थिति देखएबामे समन्वय कऽ सकैत छथि आओर ओ छात्रसभक एकटा समूह बनएबामे सेहो सहयोग करथि

**नृत्यमे, जखन दू सँ बेसी लोक (समूहमे) नृत्य करैत अछि तँ एक सङ्ग चलब नृत्य मे बहुत महत्वपूर्ण होइछ।**

**की अहाँ केँ आनन्द आएल? अपन खुशी अपन मित्र सभकेँ बतबियौक।**

© NCERT not to be republished

## गतिविधि 3 क्रिया केर अनुमान लगाउ त

की अहाँ हुनकर सभक काजक अनुमान लगा सकैत छी? ओ सभ की कए रहल छथि? एतय लिखू।


1


2


5


6


3


4

© NCERT not to be republished

## गतिविधि 4 चारि ताल पर गतिविधि

**शिक्षक केर टिप्पणी**
चारि बीटक हेतु क्रियाकलाप 2 कैँ देखू।

समूहमे चारि ताल पर विभिन्न संजोजन बनएबाक प्रयास करू।

- भाव-भङ्गिमाक एकटा सरल रूपरेखा बनाउ।
- अपन समूहक सङ्ग हाथक चालि (हस्त मुद्रा) बनाउ।

आ अक्षर सेहो सुनाउ।

बीटक सङ्ग उदाहरण:

**ना धिन धिन ना।**

अथवा

**तक धिमी तक झुनू**

अथवा

**ता थै थै तात**

आ एहि तरहे आगुओ रहत।



## गतिविधि 5 हाथक सञ्चालन (हस्त मुद्रा)

जानवरक चालि केर अवलोकन करू आ सीखू, सङ्गहि ओकर गतिक नकल उतारु।

नीचाँमे किछु हाथ आ आङ्‌गुर केर मुद्रा देल अछि, जे विभिन्न फूल, चिड़ै वा जानवर देखबैत अछि।



फूल



साँप




उड़ैत चिड़ै

**हाथ आ आङ्‌गुरक एहि मुद्राक अभ्यास करू। चिड़ै, मनुख, पशु, आ गाछ आदिक मुद्रा सेहो देखू आ ओकरा अपन हाथ वा आङ्‌गुरसँ व्यक्त करबाक प्रयास करू।**



माँछ



सुग्गा



पशु

© NCERT not to be republished

## गतिविधि 6 हाथसँ तालक मिलान करु

कोनो गीतक एकल पङ्क्ति अथवा छोट खिस्सा पर अपन मित्रक सङ्ग चारि तालक अक्षर एवं हाथ आओर आङ्गुरक गति केर संजोजन सङ्ग नृत्य करू।



**की अहाँ चारि वा आठ तालक लयकेँ चीन्ह सकैत छी?**

**अहाँ ताल पर खूब ऊर्जाक सङ्ग नाइच सकैत छी?**

**अपन हाथक गतिसँ पशु, चिड़ै, फूल, प्रकृति आदि सभक मुद्रा देखाउ।**

**हँ! नाच करैत रहू...**

**शिक्षक केर टिप्पणी**
चारि तालमे कोनो सरल गीत सुझाउ।